

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana déskripsi dina bab saméméhna, hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Unsur serepan basa Sunda dina karangan éksposisi siswa téh kapanggih tina 11 basa, nyaéta 74 kecap (42,04%) tina basa Inggris, 34 kecap (19,31%) tina basa Indonesia, 22 kecap (12,5%) tina basa Sangsekerta, 19 kecap (10,79%) tina basa Arab, 14 kecap (7,95%) tina basa Walanda, 3 kecap (1,70%) tina basa Malayu, 3 kecap (1,70%) tina basa Jawa, 2 kecap (1,13%) tina basa Kawi, 2 kecap (1,13%) tina basa Prancis, 2 kecap (1,13%) tina basa Persia, jeung sésana sakecap (0,56%) asal kecapna tina basa Jepang. Umumna Unsur serepan téh asalna tina basa Inggris, anu pangsaeutikna nyaéta tina basa Jepang.

- a. Kasalahan nuliskeun unsur serepan anu dipilampah ku siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang nyaéta aya 30 kecap unsur serepan anu frékuénsina 124 kali. Éta kasalahan téh nyoko kana (1) patukeurna vokal /é/, /eu/, /a/ jeung patukeurna konsonan /p/ 24 kecap (80%), (2) kasalahan nulis engang 2 kecap (6,66%), (3) kasalahan ngurangan jeung nambahan foném kana kecap aya 4 kecap (13,33%).
- b. Kamampuh siswa dina ngagunakeun unsur serepan téh gegedéna kagolong istimewa (48,7%) jeung hadé pisan (24,3%).

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun.

- a. Pikeun guru

Parasiswa réa kénéh anu can mampuh nulis unsur serepan anu geus disaluyukeun jeung kaédah basa Sunda, utamana parasiswa masih loba patukeur dina ngagunakeun hurup vokal /e/ anu kuduna ditulis /é/ anu salauyu jeung kaédah basa Sunda. Éta hal bisa dijadikeun cecekelan pikeun guru basa

Sunda sangkan leuwih jero, leukeun jeung leuwih teleb deui ngajéntrékeun palanggeran éjahan basa Sunda hususna pamakéan huruf vokal /e/, /eu/ jeung /é/. Guru ulah ngan ukur ngajéntrékeun matérina hungkul, tapi ogé dina prak-prakanana. Parasiswa bisa dilatih ngaliwatan tés, boh tés lisan boh tulisan. Dina tés lisan parasiswa ditanya sacara langsung ku guru ngeunaan matéri éjahan, ari dina tés nulis, hasil tulisan parasiswa lain ngan ukur dibéré peunteun, tapi dikoréksi éjahan basa Sundana, anu saterusna éta hasi tulisan dibagikeun deui ka parasiswa sangkan parasiswa apal kasalahanana.

b. Pikeun siswa

Parasiswa dipiharep merhatikeun deui palanggeran éjahan basa Sunda hususna dina ngagunakeun unsur serepan, kecap-kecap atawa istilah anu dipaké dina komunikasi lisan boh tulisan kudu disaluyukeun jeung kaédah basa Sunda nu geus ditangtukeun.

c. Pikeun Masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi anyar ngeunaan kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang dina ngagunakeun unsur serepan, anu saterusna mudah-mudahan ieu hasil panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun pangajaran nulis di sakola, pangajaran katatabasaan, jeung palanggeran éjahan basa Sunda hususna dina ngagunakeun unsur serepan.